## *Лъагъу, хъумэж уи бзэр, лъэпкъ жезыгъы1э хабзэр.*

Ц1ыхур зыгъэдахэр хабзэрщ, и бзэрщ.

Анэдэлъхубзэ! Узыгъэгушхуэ псалъэхэр зэрызэхэпщ1эр, узыщыщ лъэпкъри, абы и хабзэри, уи щ1ыналъэм хуи1э пыщ1эныгъэри къозыгъащ1эр анэдэлъхубзэрщ.

Пщэдей си бзэр к1уэдыжынум, сыл1эну нобэ сыхьэзырщ, - итхыгъащ дагъыстэн усак1уэшхуэ Гамзатов Расул. И бзэм и закъуэкъым абы и псэм нэхърэ нэхъ игъэлъап1эр. Дэ куэдрэ зэхыдох «Бзэр т1эщ1эк1мэ, док1уэд». Мы усак1уэми аращ къызэрилъытэр: бзэр имы1эжмж, к1уэдыну къыщохъу.

Ц1ыхум ф1ыгъуэу зэригъэпэщахэм я нэхъ лъап1эщ л1эщ1ыгъуэк1эрэ къыдэгъуэгурык1уэ и анэдэлъхубзэр. Л1эщ1ыгъуэхэр зэпызыщ1эри бзэращ: ди лъэпкъыр дызэрыгушхуэ хъугъуэф1ыгъуэхэр, 1эпщ1эльапщ1эгъэр, хабзэ дахэр ди деж къэзыгъэсар аракъэ?! Абы и ф1ыгъэк1э дэ дыщыгъуазэщ ди адэжьхэм къадэгъуэгурык1уа уэрэд, хъыбар, псысэ, таурыхъ хьэлэмэтыщэхэм. Ар уасэ зимы1э къалэну ди бзэм хузэф1эк1ащ.

Дунейм нэхъ бзэ лъэщу тетхэм щыщщ урысыбзэр. Пэжщ, ар умыщ1эмэ куэдым ухэнынущ, ауэ ди анэдэлъхубзэм и мыхьэнэр нэсу зэхэтщ1эн хуейщ. Мыбдежым сэ занщ1эу нывжес1эну сыхуейт К1ыщокъуэ Алим итха усэ сатырхэр:

Адыгэбзэр зэзмыгъащ1эу  
Урысыбзэр сщ1эн слъэк1акъым.

Жызы1э щы1эщ адыгэбзэр къулейсызу, къарууншэу. Ар пэжккъым, апхуэдэу къызыщыхъур адыгэбзэ зыджыну хуэмейхэращ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, къытхэтщ апхуэдэхэри, ауэ абыхэм къагуры1уэу къыщ1эк1ынкъым, анэдэлъхубзэр 1умпэм зыщ1ым къызыхэк1а лъэпкъри къыдалъхуахэри зэригъэпудыр.

Ди бзэр ди лъэпкъым игущ, и псэщ, лъэпкъым «лъэпкъщ» къыхужа1эу щытын щхьэк1э ди1эщ ди анэлэлъхубзэр. Зи бзэр зыф1эмы1эф1рэ, зыф1эмыдахэу зы лъэпкъи тету къыщ1эк1ынкъым мы дунейм. Апхуэдэщ

дэри, ди анэдэлъхубзэр. Лъэпкъ къэси бзэ щыди1эк1э, ар псом я щхьэщ, лъабжьэщ. Бзэм зегъэужьын, гъэлэжьэн хуейщ, абы и 1эф1ыр щ1эмык1ын, псынщ1э дыдэу зызыужь дунейм къык1эрымыхун папщ1э. Пхужымы1эным, пхуэмы1уэтэным хуэдэу инщ ди бзэм и къалэныр, хьэлэмэтыщэщ абы и къалэныр. Бзэр димы1эм, ди къэк1уэнури, ди л1эк1ыныгъэхэри, ди псэуныгъэри тхуэ1уэтэнукъым. Ар пэж дыдэщ. Бзэм лъэпкъ зэхэщ1ык1ым зрегъэужь, ар ирегъэф1ак1уэ, нэхъ лъагэ ещ1. Ди бзэм ди лъэпкъыр зы ещ1, ар зэрепх, зэгурегъа1уэ. Ар дыщимы1эжым деж ди лъэпкъыгъэр тф1эк1уэдынущ.Анэдэлъхубзэр къыгуэхып1э имы1эу епхащ литературэм. Бзэм и дахагъэмрэ беягъэмрэ дэ щыдолъагъу тхак1уэхэм я тхыгъэ куэдым, тхыгъэм ф1агъыу бгъэдэлъыр дэ зэрызэхэтщ1эр къызэры1уэта бзэращ.

Иджырей щ1алэгъуалэм адыгэбзэ яджыну я нэр къок1 жып1эмэ, ар пц1ыщ, сыт щхьэк1э жып1эмэ, иджыпсту а бзэм ирипсэлъэф къудеймэ, ахэр арэзыщ. Адыгагъэ пхэлъмэщ ущыадыгэр – адыгэц1э зепхьэ къудейк1э зэф1эк1ыркъым. Ауэ, ди лъэпкъыбзэм хуэфащэ гулъытэ зэримыгъуэтыр школым щ1эс сабийхэм я лъэныкъуэк1э, сэ къызэрысщыхъумк1э, зыдэлъагъун хуейр адэ-анэращ. Сыт щхьэк1э жып1эмэ, сабийм иджыну а бзэр къегугъуэк1мэ, я оценкэхэр зэ1имыгъэхьэн щхьэк1э жа1эурэ адэ-анэм ирагъэджкъым. Мис абдежщ псори къыздежьэр. Анэдэлъхубзэм пщ1э хуэщ1ын хуейр къызыгурымы1уэ балигъхэм я сабийр абы хуеин?! Сэ си насыпщ, илъэс пщык1узк1э школым анэдэлъхубзэм седжащ, иджыри соджэ, ф1ыуи сощ1э, ик1и си псэм хуэдэу солъагъу. 1ейуи сф1эемык1ущ адыгэ лъэпкъым къыхэк1а, адыгэ унагъуэм щап1а ц1ыхум и бзэр имыщ1эжыныр, ар лъэпкъым хуэмыфащэу собж. Сэ сыхуейкъым зы сабии адыгэбзэм пэ1эщ1э хъуну.

Къагъырмэс Борис и усэ сатырхэм дэ къыджа1эр дэтхэнэ зы ц1ыхуми и бзэр зэрилъагъун хуейр, абы пщ1эрэ гулъытэу хищ1ын хуейр.

Уэрщ сытым щыгъуи си гур зыгъэнэхур,
Си1эту уэрщ сизыхьэр л1ыгъэ уэгу,
Ди лъэпкъым щыщми, узыф1ымы1уэхум,
Адыгэу сыбжу, симыплъэн и нэгу.

Сэ къызэрыслъытэмк1э, бзэм нэхъ пщ1э щи1энур 1эху иризэрахьэу, республикэм и 1эхущ1ап1э псоми щызек1уэу хъумэщ. Димыгъэп1ейтейуэ къанэркъым дунейм бзэуэ тет минихым нэсым и зэхуэдит1ыр к1уэдыжынк1э хъуну къызэрабжыр, адыгэбзэр абыхэм ящыщ зыуи зэрыжа1эм. Апхуэдэ шынагъуэ ди бзэм къызэрыщхьэщыхьам ар хъумэным нэхъри гулъытэ зэрыхуэтщ1ыпхъэр дигу къегъэк1ыж. Щхьэж зыхуейр бзэм хилъхьэмэ е хихмэ, ар къулейсыз дыдэ хъуныр зыхуэ1уа щы1экъым. Анэдэлъхубзэр тэмэму зы1урымылъыж, лъэпкъ щэнхабзэр, хьэл-щэнхэр, нэщэнэхэр зымыхъумэф лъэпкъым и къэк1уэным дэрэжэгъуэ къозыт зыри хэлъкъым.

Лъэпкъым лъэпкъыу зыкъилъытэжмэ, езым хуэдэхэм я1э псори и1эпхъэщ. Ахэм щыщщ лъэпкъыр зытезы1ыгъэурэ къыддэгъуэгурык1уэ адыгэ хабзэр. Хабзэр къагупсыскъым, хабзэр къагъэщ1, а илъэсищэ бжыгъэк1э лъэпкъым къигъэщ1ам дэри делъэпауэ хъунукъым. Адыгэ хабзэк1э узэджэ хъуну хабзэ купщ1аф1эхэр, гуащ1аф1эхэр сыт хуэдэ зэманми зэрезэгъынур, зэрек1упсынур, гъащ1эр гъэдэхэнымк1э, а гъащ1эм дэхъурэ дек1уу щ1эблэр дыгъэсэнымк1э ди хабзэм сэбэпынагъэшхуэ пылъщ.

«Нэхъыжь зымыгъэлъап1эр щхьэ лъап1эгъуэ ихуэкъым!»-жа1эр адыгэхэм. Ди лъэпкъым и набдзэу щытыр ди нэхъыжьыф1хэрщ. Адыгэхэм зэи фэ ираплъу щытакъым нэхъыжьым пщ1э хуэзымыщ1ыр. А нэхъыжьми къыхуащ1 пщ1эм хуэфащэу щытын хуейт. Ноби мы хабзэ дахэр к1уэдакъым ик1и ар дяпэк1и дигъэбжьыф1эу къытщ1ыгъун щхьэк1э дэтхэнэ зыми зэдгъэщ1эн, зыхэдубыдэу дгъэзэщ1эн хуейщ нэхъыжьым пщ1э хуэщ1ык1э хабзэр. Сэ къызэрыслъытэмк1э, а хабзэр тхэлъмэ, псори ди1энущ: ди бзэри, ардей ди хабзэхэри. Укъэзыухъуреихьым пщ1э хуэпщ1ын хуейщ, ек1уу къезэгъыу зыпхуэпэн хуейщ, ц1ыхухэм гулъытэ яхуэпщ1ыфын хуейщ, мыхъумыщ1агъэ жомы1эу, хъуэныкъуэхэм уадэ1эпыкъуу, жьыми, щ1эми зыдебгъэк1уфу, адэ-анэ узыгъэсам я напэр томыхыу дунейм утетын хуейщ. Апхуэдэу ущытыфмэ, ар насыпышхуэу къызолъытэ.